

“Preparing for Your Day in Civil Court” (Haitian Creole Version)

“Prepare w Pou Jou Ou Gen Pou Prezante Ou nan Tribinal Sivil”

Lè yon moun gen pou l ale nan tribinal, se youn nan evènman nan lavi w ki pi enpòtan oswa ki bay plis presyon; sitou si ou pa gen yon avoka epi se oumenm kap defann pwòp tèt ou.

Li toujou bon pou w pale ak yon avoka. Byenke “Clerk’s Office (biwo grefye a)” ak tribinal la konn bay moun enfòmasyon, men yo youn pap ka ba w okenn konsèy legal. Met sou li, ka sivil pa menm ak ka kriminel, paske lè se ka sivil, yo pa bay moun avoka, mèzalò petèt ou ka byen kalifye pou resevwa èd legal gratis oswa ki pa koute chè. Klike sou ikòn ki make “Resources (resous)” nan Aplikasyon “Florida Courts Help” pou w ka jwenn èd legal nan zòn kote w rete a.

Si se oumenm kap okipe afè legal ou poukont ou, ou ka jwenn èd ak anpil jan de ka nan aplikasyon “Florida Courts Help (Èd Nan Tribinal Florida)” ak nan sitwèb “help.flcourts.org. Sitwèb “Florida Bar la (Bawo Avoka Florida)” nan floridabar.org gen desizyon tribinal la te pran depi anvan ak lòt resous ki ka ede w jere pwòp ka w. Lèfini, biwo “Grefye Tribinal la (Clerk of Courts)” ki bò lakay ou ak sitwèb la ka gen resous ki ka ede w, yo pèmèt ou suiv ka w la, epi yo ba w enfòmasyon presi pou konnen kisa w ka bezwen pote nan tribinal la ak kisa ki ka rive pwochè fwa ou gen randevou nan tribinal.

Menk kèk ti konsèy ki ka ede w lè wap prepare w pou ale nan tribinal :

Toudabò pou kòmanse yon ka, ou pral oblije depoze yon plent oswa yon dokiman ki menm jan ak plent la. Lèplisouvan “Clerk of Court (Grefye Tribinal la),” pral fè w peye yon frè pou anrejistre ka w la. Si w reyalize ou pa ka peye frè pou anrejistre ka w la, ou ka mande grefye a (the clerk) pou li elimine frè yo pou ou (fee waiver). Si se yon moun kap fè yon ka kont ou, alèkile ou ka bezwen depoze yon repons. Li enpòtan pou prepare tout papye w bezwen yo, epi pa bliye respekte tout dat limit yo ba ou yo. Ou pral oblije chèche fòm kòrèk ou gen pou ranpli yo, epi fòk ou suiv tout enstriksyon yo bay. Byensouvan biwo grefye a (clerk’s office) ka ba w esplikasyon, oswa li ka voye w al jwenn lòt resous legal ki bò lakay ou; sèl bagay, yo pa ka ba ou okenn konsèy legal. Pa bliye klase tout dokiman w yo ann òd epi depoze repons ak mosyon (demann) yo alè. Make tout dat enpòtan yo nan yon kalandriye pou pa bliye yo, konsa ou pap rate okenn dat limit (deadline). Lè wap defann pwòp tèt ou nan tribinal, se responsabilite w pou konfòme w ak tout règleman tribinal la epi fòk ou respekte delè (deadline) legal yo. Sonje byen, se lalwa ak règleman leta Florida kap aplike nan ka w la, kidonk se pa menm lwa ni menm règleman ak lòt eta yo.

Lè jou a rive pou ale nan tribinal, gen plizyè bagay ou dwe konnen. Si w gen temwen, asire w ke yo anndan tribinal la lè odyans ou an ap fèt, epi pa bliye pote tout dokiman, tout resi ak nenpòt lòt prèv ou ta renmen jij la pran an konsiderasyon. Abiye kòrèkteman pou ale nan tribinal la. Gen sèten tribinal ki fè moun konnen kijan pou yo abiye lè yap vin nan tribinal epi byensouvan ou ka jwenn enfòmasyon sa a nan sitwèb tribinal la. Prepare w pou ale nan tribinal la nan dat randevou w la epi vini byen bonè anvan lè randevou w la. Etan wap antre nan tribinal la, sekirite a pral akeyi w. Nan pwen sekirite a, yo pral fè w pase afè pèsònèl ou ak tout bagay wap pote nan tribinal la nan yon aparèy eskànè, se poutèt sa pou vini byen bonè pou gen kont tan pou pase pwen sekirite a. Tcheke sitwèb tribinal bò lakay ou pou ka gen plis enfòmasyon konsènan kisa w pa ka pote nan tribinal la. Sizoka w ta gen yon ka dijans, rele tribinal la pou fè yo konnen wap anreta oswa ke w pap ka vini. Sepandan, fòk ou konnen ke si w anreta oswa si w pa prezante jou w gen randevou a, tribinal la ka retade ka w la oswa li ka menm pran yon desizyon ki kont ou.

Sonje ti konsèy sa yo etan wap prepare w pou ale nan tribinal la. Pa bliye soumèt bay “grefye a (clerk)” tout dokiman yo reklame yo, peye frè pou anrejistre dokiman yo, epi pote prèv oswa pyès-a-konviksyon w yo nan tribinal la. Epitou li enpòtan pou rive byen bonè, abiye w kòrèkteman epi prepare w pou pase pwen sekirite a. Li ta bon pou konnen tout sa w dwe konnen anvan w ale nan tribinal la. Si posib, pran yon avoka pou defann ou, men si w oblije defann kòz ou oumenm, prepare w kòmsadwa. Aplikasyon “Florida Courts Help” ak “help.flcourts.org” disponib e yo ka ba w mwayen ak enfòmasyon w bezwen yo, konsa wap pare pou ale nan tribinal.